



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPATMAN ITILITE PIBLIK

### ANONS AKTIVITE KI DEPLASE ALE NAN TOUT ZÒN

6 Mas 2024

Depatman Itilite Piblik la (“Department”) ap òganize kat Aktivite ki Deplase Ale nan tout Zòn (Road Show) nan ane 2024 la, k ap kòmanse nan Boston nan dat k ap 27 Mas 2024. Aktivite ki Deplase Ale nan tout Zòn sa yo se yon opòtinite pou Depatman an pou l kominike ak piblik la dirèkteman. Twa Delege nou yo, ki sipèvize Depatman an, pral bay yon prezantasyon ki rezime travay Depatman an fè e siksè resan nou yo. Apre prezantasyon an, Komisyon an ap pran kòmantè nan men piblik la. Aktivite sa yo lib e yo ouvè a tout moun ki abite nan Massachusetts yo.

Depatman an se yon ajans jijman ki sipèvize enèji elektrik ki pou investisè yo, gaz natirèl, ak konpayi dlo ki nan Massachusetts yo. Mete sou sa, Depatman an te gen responsablite pou l devlope altènatif nan reglemantasyon tradisyonèl la, kontwole kalite sèvis, jere sekirite nan domèn transpò a ak kanalizasyon gaz la, epi sipèvize pwosesis enstalasyon enèji yo. Misyon Depatman an se pou asire l dwa konsomatè yo pwoteje e konpayi itilite yo ap bay sèvis ki pi fyab la nan pri ki pi ba a. Depatman an chèche pwomote pridans, sekirite, fyabilite sèvis, abòdabilite, ekiteblite, ak rediksyon pwopagasyon gaz efè rechofman yo. Aksyon ajans nou yo afekte prèske tout moun nan Eta a, e n ap ka pran yon pi bon desizyon lè nou tande repons ou.

Premye reyinyon nan Boston nan ap fèt ni an pèsòn ni sou entènèt, e rès sesyon yo ap fèt an pèsòn sèlman. Tanpri enskri nan lyen ki vin apre a si w gen entansyon asiste nenpòt nan sesyon sa yo: <https://projects.erg.com/conferences/MassDPU/RoadShowEvents/>. Ou ka mande entèpretasyon lang ak ajisteman rezonab nan lyen sa a.

Depatman an paka tann pou l wè w e tande w nan youn nan sesyon ki vin apre yo:

**7 Mas 2024, 6:00 pm – 7:30 pm**

Depatman Itilite Piblik

One South Station (700 Atlantic Avenue), Twazyèm Etaj  
Boston, MA 02110

**29 Me 2024, 6:00 pm – 7:30 pm**

Anèks Meri Salèm

98 Washington Street  
Salem, MA 01970

**24 Jiyè 2024, 6:00 pm – 7:30 pm**

Sant Inovasyon Berkshire  
45 Woodlawn Avenue  
Pittsfield, MA 01201

**25 Septanm 2024, 6:00 pm – 7:30 pm**

Meri Quincy  
1305 Hancock Street  
Quincy, MA 02169

Pou kèlkeswa kesyon an, tanpri kontakte Andrew Strumfels nan [andrew.w.strumfels@mass.gov](mailto:andrew.w.strumfels@mass.gov).

<p>This document contains important information. Please have it translated immediately.</p>	<p>Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.</p>	<p>ខេត្តសានសឺបប៊ី ប័រនឺស្ទ័រម៉ុងទ័រស៊ាត័រ. ភាសាអង់គ្លេសខេត្តសានសឺបប៊ី ប័រនឺស្ទ័រម៉ុងទ័រស៊ាត័រ យ៉ាងបំផុត។</p>
<p>В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.</p>	<p>Este documento contém informações importantes. Por favor, traduza-lo imediatamente.</p>	<p>ឯកសារនេះមានន័យសំខាន់ ។</p>
<p>Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.</p>	<p>此文件含有重要信息。 請立即找人翻譯。</p>	<p>សូមបកប្រែជាបន្ទាន់ ។</p>
<p>تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يرجى ترجمتها فوراً.</p>	<p>본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.</p>	<p>Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.</p>
<p>Dokiman sa a gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè tradui l tousuit.</p>	<p>Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.</p>	